# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# यीशु क 5000 लोगन के खियावल




लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 51 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri







उनकर चमत्कार जेवन साबित करत रहल की उ परमेश्वर
क बेटा हउवें, फिरभी उ उनके
स्वीकार ना कइलें।
3


एक दिन, यीशु गलील
की समुन्दर की पार
गइलन। शायद उ,
उनकरी पास हमेशा
एकट्ठा भीड़ से एगो
छोट छुट्टी लीहल
चाहत रहलें।
4


लेकिन भीड़ जल्दी ही
उनके खोज निकललस।
काँहे से कि उ यीशु की
महान चमत्कारन के
जानत रहलें। उ उनकरी
संगे रहल चाहत रहलें।
5


यीशु एगो सुनसान पहाड़ की ओर अपनी
चेलन के ले गइलन अउर उहां उ शिक्षा देबे
खातिर बइठ गोइलन। अधिक, अउर अधिक
लोग आवत गइलन। जल्दी ही रात की
खाना क समय आ पहुँचल।
हर केहु के भूख लागल
रहल होइ।
6


यीशु भीड़ के देखलें। उ फिलिप्पुस से पूछलें, "हम कहाँ से इनकी
खातिर एतना रोटी ख़रीदीं की ई सब लोग तृप्त हो सके?" उहाँ
आसपास में कवनो खाद्य पदार्थ क दुकान ना रहल। यीशु
का कइला क योजना बनावत रहलें?
7


फिलिप्पुस यीशु के उत्तर दिहलन, "ए भीड़ के खियावल त
असंभव बा" यीशु अउर उनकरी चेलन की पास ज्यादा पइसा ना
रहल।
8


उनमे से एगो अउर शिष्य, अन्द्रियास (शमौन पतरस क भाई) यीशु से कहलनः "इहां एगो लइका बा जेवना की पास पाँच गो जौ क रोटी अउर दू गो छोट मछरी बा ... ।"
9
"... लेकिन एतना सब लोगन की बीच में एसे का हो सके ला?" अन्द्रियास ना जानत रहलन कि यदि ई छोट लइका आपन खाना देबे खातिर तैयार होइहन तअ, ए तनकी भुर खाना से यीशु बहुत सारे (सब) लोगन के खिया सकत बाड़ें।
10
यीशु लोगन के नीचे बइठे खातिर कहलन, तअ खाली पुरुष लोग लगभग पांच हजार की संख्या में बइठलन। वाह! पांच हजार! इहां तक कि उहाँ पर उपस्थित महिला अउर लइकन के ए गिनती में शामिल ना कइल गइल रहे।
11
आगे, यीशु रोटी अउर मछरी लिहलें। छोट लइका यीशु पर भरोसा कइलस। उ ना जानत रहे की यीशु ओकेरी दुपहरिया की खाना के कांहे लिहलन हअ अउर ओ से का करल चाहत बाने।
12
उ सोचले होइ, "यदि हम अबे अपनी दूपहर की खाना के दे देइब, तब हम ओ के ना खा पाइब।" लेकिन तौ भी उ ओ के यीशु के दे दिहलस।
13
तब यीशु प्रार्थना कइलें। उ परमेश्वर के धन्यवाद दिहलें। उ पांच रोटी अउर दूगो मछरी की खातिर? हँअ! यीशु परमेश्वर क "धन्यवाद दिहलन" अउर खाना पर आशीष देबे खातिर परमेश्वर से प्रार्थना कइलन।
14

प्रार्थना कइला की बाद, यीशु रोटी अउर मछरी के तूर के अपनी शिष्यन के दिहलन ताकि उ सब ओ महान भीड़ की बीच में बाँट देवें। अउर तब लोग यीशु की ए चमत्कार के देखलें। सब केहु के जेतना चाहीं ओतना भरपूरी से खाये के मिलल। तौ भी रोटी अउर मछरी खतम ना भइल।



15

जब सब लोग तृप्त हो गोइलें, ओकरी बाद भी बहुत सारा रोटी अउर मछरी उहाँ पड़ल रहे। यीशु चेलन से कहलन, "ए टुकड़न के बटोर लअ जा, ताकि कुछ भी नुकसान न होखे" उ जूठन की रोटियन वाला टुकड़न की संगे बारह टोकरी भर दिहलें जेवन उ लोगन द्वारा छोड़ दिहल गइल रहे।



16

ओ दिन, यीशु एगो छोट लइका की दूपहर की खाना की द्वारा 5000 से भी अधिक लोगन के खियवलें। एगो दूसरी बार, उ सात रोटी अउर कुछ मछरी से 4000 से भी अधिक लोगन के खियवलें।



17

जब आम लोग ए संकेतन के देखलें तब, उ फरीसियन की तरह नाराज ना भइलें। एकरी बजाय उ कहे लगलें कि "वास्तव में ई नबी हउवन जे दुनिया में आवे वाला रहलन।" उ जान गइल रहलन की यीशु ही उद्धारकर्ता हउवें, जिनकी अइला क वादा परमेश्वर की पवित्र वचन में कहल रहे।



18

यीशु क 5000 लोगन के खियावल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

यूहन्ना 6

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !